## АНСАРЕХ ВОЛУ МАЛИКАН КIАНТ БАРАЪ

(Дела реза хуьлийла цунна)

Маликан кIанта Бараа юха а ца волуш, эскар хIаллакдарна кхийрина, Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Варийлаш, Бараъ бусалба нехан цхьана эскарна тIехь куьйгалла дан ма хIоттавелаш...»**

### БисмиллахIиррохьманиррохьим

Ма́ликан кIант Бара́ъ вара, хьирчина месаш а йолуш, шена тIехь деккъа чкъор а, даьIахк а йоцург кхин хIумма а дац ала мегар долчу эгIазчу дегIахь. Адамийн бIаьрг цунна тIе атта хIуттур а бацара, амма гинчо шена сихха букъ тухур болуш вара иза.

Амма, ша иштта велахь а, цо ша цхьаъ летачохь вийнера Делаца накъост вечарах цхьа бIе стаг, тIеман майданахь, марсабаьлла боьдучу тIамехь цо байинарш багар ца бича а. Иза, баккъалла а, доьналла долуш, майра тIемало вара. Цо, юха а ца волуш, бусалба нехан эскарш хIаллакдайтарна кхоьруш, ша дIахIиттийначу хьаькамашка, иза бусалба нехан цхьана а эскарна тIе куьйгалле ма хIоттаве, аьллера Iумар-Фарукъа (Дела реза хуьлийла цунна). Баккъалла а, иза ву Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гIуллакххочун, ансарех волчу Маликан кIентан Анасан ваша Бараъ (Дела реза хуьлийла цаьршинна).

Маликан кIентан Бараан (Дела реза хуьлийла цунна) хьуьнарех дерриге дийца со воьлча, къамел дукха дахлур дара, хIара жайна а шен барамехь тIех доккха хир дара. Цундела цуьнан цхьана хьуьнарх дийцина кхачоян лаьа суна, оцу дийцаро кхидерг а гойтур долу дела.

***

ХIокху дийцаро чулоцу, вайн Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дIакхелхина хьалхарчу сахьташкара дуьйна схьа йолу хан. Iарбийн тайпанаш, тобанаш а йина, цкъа хьалха Ислам-дине бахкаре терра, АллахIан дина тIера тобанашкахь бухабовла буьйлабеллера хIинца. Исламана тешаме бисира Маккин, Мадинатан, ТIаифан бахархой а, иштта пачхьалкхехь яржина хилла цхьамогIа юкъараллаш а. Церан дегнашкахь АллахIа чIагIдинера дин.

***

Доккха доьналла гайтарца, бохалур боцу пен санна оцу бІаьрзечу карзахаллина, питанна а дуьхьало ян хІоьттира Абу Бакар Сыддикъ (Дела реза хуьлийла цунна). ХІижрат диначарах (мухІажирех) а, хІижрат динарш тІелаьцначарах (ансарех) а цо цхьаьнатоьхнера цхьайтта эскар. Оцу эскарийн тхьаьмданашка цхьайтта байракх а дІаелира цо. Уьш Іарбийн ахгІайренгахула дІасабахийтинера цо, Исламана букъ тоьхна, динах бухабевлларш нийсонна а, бакъонна а юха тІеберзабан. Динах бухабевллачарна юккъехь боккха ницкъ берш а, уггаре дукхахберш а бара Бану Хьанифан къомах болу Мусайлиматуль-каззабан накъостий.

Мусайлиматна шен къомах а, шен бартхойх а цхьаьнакхеттарг вара зеделларг алссам долу шовзткъа эзар тІемало. Царах дукхахберш цунна тІаьхьахІиттина бара шайгахь йолу къоман фанатизм бахьанехь; цунах тешарна дацара церан иза. Царах цхьаволчо олуш хилла: «Аса тоьшалла до, Мусайлимат харцлуьйриг ву аьлла, ткъа Мухьаммад – бакълуьйриг ву аьлла, хІетте а бакълуьйш волчу Мударан тІаьхьенах волчул (Мухьаммадал) а тхуна дукхох веза-кх харцлуьйш волу РабиІатан тІаьхьенах верг (Мусайлимат)».

***

Іикримат коьртехь а волуш, шена тІелетта долу бусалба нехан хьалхара эскар эша а дина, духатуьйхира Мусайлимата. ТІаккха Абу Бакар Сыддикъа, Вали́дан кІант Ха́лид (Дела реза хуьлийла царна) коьртехь а волуш, кхин цхьа эскар тІедахийтира цунна, цу эскарех гулйина ансарийн а, мухІажирийн а яххьаш. Кхеран а, вукхеран а тобанашна баьрчехь вара ансарех волу Маликан кІант Бараъ а (Дела реза хуьлийла цунна). Иштта цаьрца цхьана яра бусалбанийн тІемалойн кхийолу тоба а.

***

Ши эскар дуьхь-дуьхьал кхийтира Наждан лаьттахь «Йамама» олучу меттехь. Дукха хан ялале, Мусайлиматан а, цуьнан накъостийн а куьг тола дуьйлира, бусалба нехан эскарийн кога кІелхьара латта дего а дуьйлира, шайн тІеман майданашкара уьш юхабовла герга бара.

Мусайлиматан накъосташа Валидан кІентан Халидан (Дела реза хуьлийла цунна) четарна тІе а летта, иза бухдаьккхинера. Царах цхьаммо иза шен кхерамазалле ца лаьцнехьара, цуьнан зуда ен герга а хиллера уьш.

Цу хенахь билгалделира, бусалбанашна шайна цIеххьана хилла болу ирча кхерам тIебеана хилар. Царна хиира, нагахь шаьш Мусайлиматна хьалха эшахь, бусалба дин цул тIаьхьа цкъа а гIоттург цахилар а, цхьаъ бен воцчу АллахIна Iарбийн ахгIайренехь лолла дийриг цахилар а.

Сихонца шен эскарна тIе а хьаьдда, цуьнан тIеман низам дIа а хIоттийна, мухIажираш ансарех схьакъастош, иштта царах а, вукхарах а аренашкахь бехаш берш а дIакъастийра Халида (Дела реза хуьлийла цунна). Цхьана дех схьа мел ваьлла кIант цхьана байракхна кIел дIахIоттийра цо, тIеман майданахь хIоранан бала а, иштта бусалбанашна мичхьара хIун хир ду а хууш хилийтархьама.

***

Шина тобана юкъахь марсабелира къиза тIом, бусалба нехан тIемашкахь ша саннарг кхин хилла а боцу. Мусайлиматан нах тIеман майданашкахь лаьмнаш санна чIогIа лаьттара; шаьш мел дукха хIаллакбарх а, юха а ца хьовсура (юха ца болура) уьш. Цу дийнахь бусалбанаша инзаре тамашийна доьналла гайтира, дийнна схьаэцна (дерриге цхьаьнатоьхна) яздича, тIеман историх йоккха исбаьхьа говзар (произведение) шех хир йолу.

ХIара ву, ансарийн байракх шен карахь йолу, шена тIе марчо а хьарчийна, ша-шена лаьттах ор а даьккхина, шен ахнастарш дIахьулъеш цу чу а воьссина, ша гIазот хилла вожжалц тIеман майданахь лаьтташ, Делан некъахь шен къоман байракх Iалашъеш волу Къайсан кIант Сабит (Дела реза хуьлийла цунна).

ХIара Зайд ву – ХаттIабан кIентан Iумаран (Дела реза хуьлийла цаьршинна) ваша – бусалба нахе кхайкхам беш: «ХIай нах! Шайн кхетаман кхелаш тIекъовла, шайн мостагI ата, хьалхадовла, дIадуьйлало… ХIай нах! ВаллахIи, хIара дош аьллачул тIаьхьа кхин цкъа а цхьа дош эр ма дац аса и Мусайлимат вохаваллалц, я сой АллахIна дуьхьал ваххалц, айса Цунна хьалха делил хIоттадаллац», – олуш волу. Цул тIаьхьа мостагIашна тIелетира иза. Ша веллац тIом бира цо.

ХIара ву Абу Хьузайфатан ялхо хилла волу Са́лим (Дела реза хуьлийла цаьршинна), мухIажирийн байракх айина воллуш, шен наха, ша гIелваларна, вохарна кхоьруш шена сагатдеш хилла волу. Цуьнан наха цуьнга аьлла хилла: «Баккъалла а, хьуна тIех а бевлла, уьш тхаьшна тIекхачарна кхоьру-кх тхо». ТIаккха цо жоп делла хилла: «Нагахь уьш суна тIех а бевлла, шуна

тІекхачахь, уггаре вон хьафиз лорийла со». Цул тІаьхьа Делан мостагІашна тІех майраллица тІе а летна, дІакхелхира иза.

Делахь а, царел массарел йоккха майралла гайтира Маликан кІанта Бараа, хІунда аьлча тІеман алу йогуш, чІагІлуш шена гича, Маликан кІанте Бараэ дІахьажавеллачу Халида (Дела реза хуьлийла царна) аьлла хилла: «Царна тІелата, хІай ансарийн къонаха».

Шен къоме бІаьрг а тоьхна, Бараа (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: «ХІай ансараш, Мадинате духадаха ойла ма йойла шух цхьаммо а, таханчул тІаьхьа Мадинат бохург хир дац шуна. Баккъалла а, Иза ша цхьаъ волу АллахІ ву шуна…цул тІаьхьа ялсамани а ю шуна».

Цул тІаьхьа шен герз Делаца накъост вечарна дуьхьал даьккхира цо, иштта цара а даьккхира шайн герзаш кхунна дуьхьал. ТІеман могІанаш а хедош, Делан мостагІийн вортанаш шен туьрца хедош дІавахара иза, Мусайлиматан а, цуьнан накъостийн а когаш дегош.

Мусайлимат шен накъосташца цхьаьна беша дІалечкъира, цул тІаьхьа историно шена, «Валаран беш» аьлла, цІе тиллина йолчу. Цунна и цІе тилларан бахьана – цу дийнахь цу бешахь сел дукха нах байар дара.

***

«Валаран беш» яра, шуьйра а йолуш, лекха пенаш а долуш. Мусайлимата шена а, эзарнашкахь болчу шен эскаршхошна а тІехула дІакъевлинера цуьнан гІепаш, цуьнан лекхачу пенашна тІехьа дІа а лечкъина; бусалба нахана тІе шайн пхерчий Іено боьлла уьш, цу пенашна тІехьара. Ткъа и пхерчий царна тІе дегаш хилла догІанан хьесапехь.

Оцу хенахь хьалхавелира бусалба нехан турпалхо, майра кІант Маликан кІант Бараъ (Дела реза хуьлийла цунна). Цо элира: «ХІай нах, со сайн туьрса а вилий, и турс шайн цамзанашца хьала а айий, цул тІаьхьа цу бешан гІопан чоьхьа агІор мелла а улло кхосса со: я дІакхелхар ву со, я шуна гІепаш дІайоьллур ю аса».

***

БІаьрган негІар тохале Маликан кІант Бараъ (Дела реза хуьлийла цунна) туьрса хиира; чІогІа гІийла (оза) стаг вара иза. Иттаннашкахь долчу цамзанаша хьала а айвина, эзарнашкахь болчу Мусайлиматан бІаьхошна

юккъе вахьа а ваьхьна, цу беша охьакхоьссира иза. Иза царна юкъа воьссира ткъес тохаран барамехь. Цу бешан гIопехь царах тийса а луш, шен туьраца церан корташ этира цо, царах иттех вен а вуьйш, ша и гIепаш дIаеллалц.

Иштта цуьнан дегIа тIехь яра цамзанаша а, тарраша а йина езткъа сов чов. Берриге а бусалбанаш «валаран беша» таттабелира пенашна тIехула а, неIарехула а. Цу бешан пенашна тIехьа левчкъина болчу динах юхабевллачеран кортош тIера тийсира цара, царах ткъа эзар а сов стаг а вуьйш, цул тIаьхьа - Мусайлиматна тIе а кхаьчча, иза а вийна дIа а воккхуш.

***

Маликан кIант Бараъ (Дела реза хуьлийла цунна) шен метта дIаваьхьира, цигахь дарбанаш лелорхьама. АллахIа цунна гIоли яллац, Валидан кIанта Халида (Дела реза хуьлийла цунна) цуьнца цхьа бутт хан яьккхира, цуьнан чевнашна дарбанаш а лелош. АллахIа цуьнан карахула бусалба нахана толам белира.

***

Ансарех волчу Маликан кIанта Бараа (Дела реза хуьлийла цунна) мел болчу тIемашкахь дакъалоцура, шен коьрта, боккха лаам кхочушхиларе са а туьйсуш, шен хьомечу Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хиларе шовкъийла а волуш. Иштта хилира гIажарийн (персы) гIаланех йолу Тустар-гIала йоккхучу хенахь а. Цу дийнахь гIажарий чIогIа дIакъевлина йолчу цхьана лекхчу гIопа чу дIалевчкъина хилла, тIаккха бусалба наха голаьцна оцу меттиган.

Бусалбанаша шайна го бар дахделча, шайна тIех чIогIа ницкъ хила а боьлча, гIажароша гIопан буьххьера цу бусалбанашна тIекхисса буьйлира, шайна тIе мIараш а тийсина, иштта кIоранал а цIийъелла йогуш йолу болатан зIенаш. Цу зIенаша оцу бусалбанийн догIмах а кхетий, церан дилханех мIараш а бугIий, цул тIаьхьа уьш гIажарашна хьалабуьгура, я белла, я баларна герга болуш.

Царах цхьа мIара Маликан кIентан Бараан вешех Анасах (Дела реза хуьлийла цаьршинна) тасабелла хилла; шена иза ма-гиннехь, сихха цу гIопан пенашна тIе а кхоссавелла, шен ваша вадийна йоьдучу зIенах катуьйхира цо, тIаккха шен вешин дегIах бахана болу и мIара схьабаккха вуьйлира иза. Цуьнан куьйгах цIелетира, иштта кIуртийса а дуьйлира иза. Амма иза шен

ваша кIелхьарваккхарх юха ца ваьккхира цо. Шена тIехь дилха а доцуш, шен куьйгах еккъа даьIахк хиллачул тIаьхьа лаьтта охьавоьссира Маликан кIант Бараъ (Дела реза хуьлийла цунна).

Цу тIамехь ансарех волчу Маликан кIанта Бараа (Дела реза хуьлийла цунна) ша Делан некъахь гIазот вар доьхуш доIа дина хилла, иштта АллахIа цуьнан доIина жоп делла а хилла. Цигахь иза дIакхелхина, ша АллахIан кхеле верзарх воккха а вуьйш.

***

АллахIа юьхькIайчу хIоттавойла Маликан кIант Бараъ (Дела реза хуьлийла цунна), ялсаманин охIланах иза варца, Мухьаммад-пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) уллохь иза хилийтарца а!